**दिन–शनिवार** **दिनांक–22.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार आइ अपन एक सय तेरहम स्थापना दिवस मना रहल अछि। अजुके दिन वर्ष उन्नैस सय बारह मे बंगाल सँ अलग कऽकऽ बिहार कैँ राज्यक दर्जा प्राप्त भेल छल। एहि वर्ष बिहार दिवसक थीम "उन्नत बिहार–विकसित बिहार" अछि। अपन अमूल्य सांस्कृतिक धरोहर आओर ऐतिहासिक विरासतक कारणे बिहारक पहिचान एकटा एहन राज्यक रूप मे भऽ रहल अछि, जे सदिखन सँ देश के नव बाट देखौलक। बिहारक इतिहास कमोबेश मानव सभ्यताक इतिहास मानल जाइत अछि, जे संपूर्ण दुनिया कैँ लोकतंत्रक अवधारणा सँ परिचित करौलक।

---

बिहार दिवसक अवसर पर प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। जिला मुख्यालय सभ मे एहि अवसर पर प्रभातफेरी निकालल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटनाक गाँधी मैदान मे आयोजित तीन दिवसीय मुख्य समारोहक आइ उद्घाटन कयलनि। समारोहक दौरान जानल–मानल गायक अभिजित, सलमान अली, रितिका राज आ प्रतिभा सिंह बघेल समेत कतेको कलाकार सांस्कृतिक कार्यक्रम प्रस्तुत करताह। कार्यक्रम सभक आयोजन गाँधी मैदानक संग–संग श्रीकृष्ण मेमोरियल हॉल आओर रविन्द्र भवन मे कयल जायत। बिहार दिवस पर गाँधी मैदान मे कतेको भव्य पैवेलियन बनाओल गेल अछि, जाहिठाम बिहारक सभ्यता–संस्कृति, परंपरा, कला, परिधान, खान–पान आ विकासक गाथा कैँ दर्शाओल गेल अछि। संगहि नेशनल बुक ट्रस्ट, एनबीटीक दिस सँ एहि अवसर पर पटना पुस्तक महोत्सवक आयोजन कयल गेल अछि। एनबीटीक निदेशक युवराज मलिक बतौलनि जे पुस्तक महोत्सव मे बिहार दिवसक उपलक्ष्य मे दू दिवसीय विशेष साहित्यिक आ सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत। पुस्तक महोत्सवक मे मैथिली पोथीक स्टॉल, मैथिली मचान सेहो लगाओल गेल अछि, जकर उद्घाटन चेतना समितिक अध्यक्ष निशा मदन झा सहित आनो

साहित्यकार संयुक्त रूप सँ कयलनि। बिहार दिवस कार्यक्रमक सीधा प्रसारण सूचना आ जनसंपर्क विभागक यू–ट्यूब, फेसबुक आओर एक्स हैंडल पर कयल जायत।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहार दिवसक अवसर पर बिहारवासी सभकेँ शुभाकामना देलनि अछि। ओ कहलनि जे भारतीय इतिहास के गौरवान्वित करयवला हमर ई प्रदेश आइ अपन विकास यात्राक महत्वपूर्ण दौर सँ गुजरि रहल अछि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो प्रदेशवासी सभकेँ शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल अपन संदेश मे उम्मीद जतयलाह जे बिहार पहिने सँ बेसी गौरवक संग नब भारतक विकास आ प्रगति मे अपन भूमिका निभाओत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे बिहार प्रगति आओर समृद्धिक बाट पर निरंतर आगु बढैत रहत। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह, नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव समेत प्रदेशक विभिन्न दल सभक वरिष्ठ नेता लोकनि सेहो लोक सभकेँ बिहार दिवसक बधाई देलनि अछि।

———————————————————————

सीवानक भैसारवाल स्थित वृहद बालिका आश्रित गृह सँ तेरह गोट युवती फरार भऽ गेल अछि। जानकारीक अनुसार देर राति करीब तीस फीट ऊँच आश्रयगृहक देबाल फानि कऽ युवती सभ फरार भऽ गेलीह। बालिका गृहक वार्डन रिंकू झा स्थानीय थाना मे मामिला दर्ज करौलनि अछि। पुलिस आओर प्रशासनक वरिष्ठ अधिकारी मामिलाक छानबीन कऽ रहल छथि। जिलाधिकारी मुकूल कुमार गुप्ता बतौलनि जे एकटा युवती केँ बरामद कऽ लेल गेल अछि, जखनकि आठटा युवती अपन परिवार आओर चारिटा युवती अपन पहचानवला लोकक संपर्क मे अछि। ओ कहलनि जे एहि मामिला मे आश्रयगृहक तीनटा कर्मचारीक लापरवाही सामने आयल अछि। जकरा सभ पर कार्रवाई कयल जायत।

———————————————————————

आइ विश्व जल दिवस अछि। ई दिन मीठ पानिक महत्त्व आओर जल संसाधनक उचित प्रबंधनक बारे मे जागरूकता बढेबाक लेल मनाओल जाइत अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि अवसर पर सोशल मीडिया पोस्ट मे जल संरक्षणक महत्त्व पर प्रकाश दैत एकटा वीडियो साझा कयलनि।

———————————————————————

पटनाक पाटलिपुत्र स्पोर्ट्स कॉम्प्लेक्स मे खेलल जा रहल सेपक टाकरा विश्वकप प्रतियोगिताक महत्त्वपूर्ण मोकाबिला मे भारतीय महिला डबल्स टीम चीन के दू शून्य सँ पराजित कऽ देलक। भारतीय पुरूष आओर महिला टीमक कतेको मोकाबिला आइ खेलल जा रहल अछि।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ राज्यक मौसम मे बदलाव भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार अगिला चौबीस घंटाक दरमियान उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व, दक्षिण–पश्चिम, दक्षिण–मध्य आओर दक्षिण–पूर्वक इलाका सभमे एक–दू स्थान सभ पर हल्का–फुल्का वर्षा हेबाक संभावना जताओल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।